



## 10 Fason Pou Nou Prepare Pou Kingergarten

1. Kreye yon abitud pandan sezon lete an. Bay timoun lan lè pou l kouche (8:00 PM an fòm!) epi reste fikse sou lè sa a.
2. Ede timoun lan pratike ekri prenon li. Si timoun lan deja maton nan ekri prenon li, eseye non fanmi an, oubyen pratike ekri lèt miniskil.
3. Pratike konte nan aktivite chak jou nou yo. Konte konbyen mach nou monte pou nou rive nan bwatlet lan, oubyen pou nou rive nan pak lan. Konte fwi, napon, kiyè, tout bagay.
4. Sòti ak timoun lan lè ou prale nan makèt, nan lapòs, nan bibliyotèk, ak lòt kote. Poze timoun yo kesyon sou sa y ap wè, tandè, epi touche. *Tout sa se aprann y ap aprann!*
5. Vizite bibliyotèk nan zòn lan. Ede timoun lan jwenn yon kat bibliyotèk gratis. Itilize kat lan pou w ale nan bibliyotèk lan chak semèn, pou w prete yon liv. Nou konseye lekti pou li yo nan:  
[www.countdowntokindergarten.org/activities](http://www.countdowntokindergarten.org/activities)

Koze ak timoun lan sou liv nou li yo. Poze kesyon tankou:

- Kilès pati ou te pi renmen nan listwa a?
- Kilès pati ou te pi pa renmen?
- Aprè nou li mwatye nan yon istwa, mande timoun lan "kisa ou panse ki pral rive a lafen?"

Èske ou te konnen ke bibliyotèk piblik nan lokalite w lan kapab prete w tike pou antre GRATIS nan mize nan zòn lakay ou yo?

Lis sa a apwopriye pou timoun k ap prepare yo pou yo antre nan kindergarten 2. Si pitit pa w lan pi jenn, mete nan lespri ou ke li gen dwa pako prepare pou tout aktivite sa yo.

6. Kite timoun lan pratike endepandans li. Kite li chwazi kèk bagay oubyen aktivite pou kont li ("Èske ou prefere yon pòm, oubyen yon fig?"). Ankouraje timoun lan eseye yon bagay nouvo, epi jwenn limenm solisyon yon pwoblèm.
7. Limite kantite tan timoun lan pase ap gade televizyon (Tan sa a dwe limite antr 1-2 zè). Lè sa posib, gade televizyon ak timoun yo, epi koze sou sa nou wè ansanm yo.
8. Prepare yon "kwen ak yon tab" pou timoun lan etidye. Mete kreyon, papyè, sizo, ak lòt "zouti" kindergarten nan kwen sa a. Fikse yon lè chak jou pou li fè desen nan menm kwen an. Yon fwa lekòl kòmanse, ede timoun lan itilize menm kwen an ak menm tan an pou li fè devwa li yo.
9. Ede timoun lan aprann, pou li kapab fè aktivite sa yo anvan li antre nan klas kindergarten lan:
  - Non li, adrès li, epi nimewo telefòn lakay ou.
  - Itilize twalèt oubyen "bathroom" pou kont li, epi boutonnen oubyen dezipe e zipe rad li.
  - Pataje sa li genyen, epi jwe ak lòt timoun. Aktivite sa yo pral ede li ajiste li a klas matènèl tounèf lan.
10. Li liv, Li liv, Li liv!  
*(An anglè, ak nan lang natif pa w lan!)*

Pou piplis konsèy itil, vizite  
[www.countdowntokindergarten.org](http://www.countdowntokindergarten.org)



Se yon ekip edikatè ekspè nan prematènèl ak matènèl ki te prepare fè konsèy sa a, kòm yon parti nan pwojè koneksyon nou an "Boston Making Connections" avèk sipò "Boston Children's Museum" epi "Countdown to Kindergarten",  
Se "Institute of Museum and Library Services" ki depanse pou sa.

